



**NAETISL**

National Association of  
Educational Translators and  
Interpreters of Spoken Languages



**MODDC**

Missouri  
Developmental  
Disabilities Council

# Fason pou Byen Kominike ak Lekòl Pitit Ou a

---

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



[naetisl@gmail.com](mailto:naetisl@gmail.com)

NAETISL



*Follow us*



MODDC



[moddc@moddcouncil.org](mailto:moddc@moddcouncil.org)



[www.naetisl.org](http://www.naetisl.org)

[www.moddcouncil.org](http://www.moddcouncil.org)





## Fason pou Byen Kominike ak Lekòl Pitit Ou a

Lwa federal yo egzije lekòl yo kominike enfòmasyon bay fanmi yo nan yon lang yo ka konprann sou nenpòt pwogram, sèvis, oswa aktivite yo pataje tou ak fanmi ki pale anglè byen yo. Sa gen ladan enfòmasyon sou:

- Enskripsyon ak anrejistreman nan lekòl
- Manyèl elèv ak paran
- Pwogram èd nan lang
- Pwogram pou elèv ki entèlijan anpil
- Kanè
- Lekòl Magnet ak lekòl Endepandan
- Règleman ak pwosedi disiplin elèv yo
- Edikasyon espesyal ak sèvis ki konekte
- Konferans paran ak pwofesè
- Pwosedi pou depoze plent
- Enfòmasyon sou aktivite andeyò pwogram akademik lan
- Avi kont diskriminasyon

Yon entèprèt se yon moun ki ka ba w w sipò nan lang pandan reyinyon avèk pwofesè pitit ou a oswa lòt anplwaye lekòl la an pèsòn, atravè videyo oswa nan telefòn. Yon tradiktè se yon moun ki ka ede w konprann dokiman alekri ki te an Anglè anvan sa a lè li rekreye yo nan yon lang ou chwazi. Pou entèpretasyon an mache byen, tout moun ki enplike yo dwe kolabore, poze kesyon, mande repetisyon ak klarifikasyon lè sa a nesèsè.





Sonje, si w pa konprann yon bagay, mande entèprèt la pou li klarifye l oswa fè anplwaye lekòl la konnen. Entèprèt la ka kominike demann ou men li pa dwe reponn kesyon ou yo dirèkteman. Men kèk nan règ entèprèt ak tradiktè yo ta dwe swiv lè y ap ede w nan lekòl yo:

### **KONFIDANSYALITE:**

Entèprèt yo dwe toujou pwoteje enfòmasyon ou yo ak enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou a.

Enfòmasyon ki pataje pandan yon reyinyon oswa nan dokiman tankou dosye elèv la, relve nòt, oswa dosye medikal, dwe rete prive sof si ou bay entèprèt la pèmisyon pou li kominike yo bay pwofesè yo oswa lòt pèsònèl lekòl la.

Lwa sou Dwa Edikatif ak Vi Prive Fanmi an oswa FERPA se yon lwa ki eksplike kijan enfòmasyon sa yo pwoteje:

<https://www2.ed.gov/policy/gen/guid/fpco/ferpa/index.html>

### **ENPASYALITE:**

Entèprèt yo dwe toujou rete san patipri epi yo pa ka ba ou konsèy, rekòmandasyon, oswa ofri ou opinyon pèsònèl yo oswa kwayans yo. Lè y ap sèvi kòm entèprèt ou, yo pa ka eseye konvenk ou pou ou pran yon desizyon olye yon lòt.

### **LIMIT PWOFEYONÈL:**

Pandan yon reyinyon, entèprèt la dwe aji sèlman kòm yon entèprèt. Li ka ede w kominike ak lòt pèsònèl lekòl la ki ka reponn nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid ou genyen.

**KONSYANS KILTIRÈL:** Entèprèt la dwe montre respè pou ou, pitit ou a, ak kwayans ak pratik kiltirèl ou yo. Entèprèt la kapab ede klarifye malantandi kiltirèl ant pwofesè ak paran yo, men li dwe toujou mande opinyon w anvan.





## **PRESIZYON:**

Entèprèt la dwe kominike sa ou di a, egzakteman jan ou di l la, san l pa chanje mesaj ou a oswa efase enfòmasyon ou te di yo.

Entèprèt yo ka mande w klarifye yon mo oswa yon ekspresyon pou asire li kominike mesaj ou a avèk presizyon.

## **RESPÈ:**

Entèprèt la dwe toujou trete ou menm ak pèsònèl lekòl la avèk respè. Li dwe rezoud konfli yo avèk pwofesyonalis. Si yon lè ou santi yo pa respekte w, li enpòtan pou ou fè lekòl la konnen.

## **DEFANS:**

Entèprèt la ap sipòte w pandan w ap pwoteje pwòp dwa w epi asire yo tande vwa w. Si w santi yon bagay pa jis pou ou oswa pitit ou a, li enpòtan pou w fè lekòl la konnen sa a.  
your child, it is important that you let the school know.

## **PWOFESYONALIS:**

Entèprèt la dwe toujou rete pwofesyonèl. Entèprèt la pa dwe an reta nan reyinyon epi li dwe montre respè pou ou ak lekòl la toutan.

## **DEVLOPMAN PWOFESYONÈL:**

Entèprèt la dwe kontinye aprann nouvo konpetans ak vokabilè pou ede w konprann enfòmasyon. Entèprèt la pa dwe janm sispann aprann.

